

10 Mas 2020

Dènnye Nouvèl Konsènan COVID-19: Deplase nan Anviwònman Entènèt la

Chè kominote University of Maryland,

Nou kontinye ap kontwole deprè epidemi COVID-19 la, yo rele souvan kowonaviris, ak pou [bay nouvèl](#) yo selon dènnye enfòmasyon ak konsèy ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Òganizasyon Monday Sante (OMS), Sistèm Inivèsite Maryland (University System of Maryland, USM), ak ofisyèl sante eta piblik eta ak lokal yo.

Kounye a, pa gen okenn ka COVID-19 nan kanpis nou an. Sepandan, genyen 19 ka konfime nan rejyon D.C.-Maryland-Nò Virginia, ki gen twa nan Konte Prince George ladan. Pandan nou poko fin konnen epidemyoloji viris sa a nèt, ekspè sante piblik yo te anonse l ap pwopaje nan kominote nan kèk pati Ozetazini. Se poutèt sa, nou dwe mete an plas règleman kounye a pou diminye risk pou gen transmisyon ak minimize chans pou nou gen ka nan kanpis nou an.

Deplase nan yon anviwònman sou entènèt

Kòmansè 30 mas, 2020 epi kontinye omwen jiska 10 avril 2020:

- Nòmalmman tout enstriksyon nan klas ap fèt sou entènèt; epi
- Pou fonksyon ki ka fèt a distans, nou ankouraje sipèvizè yo ofri anplwaye yo opsyon pou travay a distans. Nou pral bay konsèy pou anplwaye ak eksepsyon pou travay a distans talè konsa.

Mezi sa yo pral deranje nou pandan yon ti tan. Nou tout pral oblije fonksyone nan yon diferan anviwònman aprantisaj ak travay. Nou pral jere tranzisyon nan platfòm sou entènèt yo ak minimòm deranjman posib. Mwen mande koperasyon nou pou sante ak sekirite kominote nou a rete premye priyorite nou nan kontèks k ap vit la.

16-22 mas 2020

Elèv yo ta dwe planifye pou yo pati pou vakans prentan epi pou yo pa retounen kanpis la jiska 10 avril 2020. Lè w ap prepare pou w kite pou vakans sa a, tanpri pran tout afè enpòtan ou, medikaman, ak dokiman nan rezidans etidyan an ak / oswa espas travay la.

Nou ankouraje w pran prekasyon ak itilize bon jijman si w ap planifye nenpòt vwayaj anndan peyi a oswa vwayaj entènasyonal. Tanpri konsidere posibilite pou gen reta nan vwayaj yo ak posibilite pou w izole tèt ou lè w retounen.

Inivèsite a ap louvri pou manm pèsònèl la mèkredi, 18 mas jiska vandredi, 20 mas, 2020, jan nou te planifye.

23-29 mas 2020

- Inivèsite a ap redwi operasyon semèn 23 mas 2020 la.
- Klas yo ap anile semèn sa a epi etidyan yo pa ta dwe retounen nan kanpis la apre vakans prentan an. Natirèlman, nou pral bay eksepsyon ak akomodasyon pou moun ki bezwen li.
- Fòmasyon pwofesè yo pou prepare pou deplase nan enstriksyon sou entènèt la deja sou pye. Anplis, pwofesè yo ap gen semèn sa ap pou patisipe nan plis seyans fòmasyon. Fòmasyon an ap kontinye jiska 27 mas 2020.
- Eksepte pou klas yo, Inivèsite a ap rete ouvè. Manm pèsònèl la sipoze vin travay pou yo ka fè swa travay a distans oswa fas-a-as, selon sa sipèvizè te mande.

- Etidyan nan twazyèm sik yo ki ka travay oswa fè rechèch sou kanpis la dwe pale ak sipèvizè yo pou konnen kijan pou yo fè travay yo semèn sa a.

30 mas 2020 jiska omwen 10 avril 2020

Jan nou te deja di a, tout enstriksyon nan klas ap fèt sou entènèt. Elèv yo ap resevwa enstriksyon sou fason pou jwenn klas yo sou entènèt.

Resous

Objektif nou se pou etidyan yo, pwofesè yo, ak manm pèsònèl la gen ekipman ak konpetans ki nesèsè pou aprann ak travay lakay yo.

Pou sa ka fèt, nou te kreye yon nouvo resous pou pwofesè yo, keep teaching.umd.edu, ki gen ladan konsèy, estrateji, ak resous pou soti nan enstriksyon fas-a-fas pou itilize enstriksyon vityèl. Nou pral resevwa plis enfòmasyon sou fòmasyon ak resous Dwayen ak Vis Prezidan an Tèt Mary Ann Rankin ak Divizyon Enfòmatrik la (anba Vis Prezidan Jeff Hollingsworth).

Tout manm pèsònèl ak sipèvizè yo dwe gade resous ki disponib yo nan keep working.umd.edu epi deside ki ekipman, teknoloji, ak resous nou bezwen pou pèmèt manm pèsònèl yo travay a distans epi fè reyinyon sou entènèt san pwoblèm.

Divizyon Enfòmatrik la pral voye yon [sondaj sou teknoloji](#) talè konsa bay elèv yo pou konprann sa yo kapab bezwen.

Lòt enfòmasyon pou sipèvizè sou fason pou jere konje anlwaye, anlwaye ki esansyèl, ak pwoblèm ki gen rapò ak travay la pral disponib nan Biwo Resous Imèn Inivèsite a (anba Asistan Vis Prezidan Jewel Washington) nan jou ka p vini yo.

Vis Prezidan pou Afè Elèv Patty Perillo pral bay plis enfòmasyon sou rezidans etidyan yo, sèvis dine, sèvis pou andikap, Sant Sante a, bibliyotèk yo, sèvis rekreyasyon, sèvis transpò, ak lòt resous pou etidyan yo nan kanpis la talè konsa.

Vis Prezidan pou Rechèch Lalurie Locascio pral pataje plis enfòmasyon sou aktivite rechèch Inivèsite a pi vit posib.

Evènman

Inivèsite ankouraje ak tout fòs pou evite òganize nan nenpòt rasanbleman anpil moun ki pa esansyèl. Nou pa rekòmande moun planifye okenn gran evènman ki t ap fè nan 60 jou k ap vini yo.

Pou raple nou, nou rekòmande distans sosyal nan tout anviwònman. [Jan yo defini nan CDC](#), pran distans ak tout pwogram sosyal vle di evite kote ki gen anpil moun epi kenbe yon distans apeprè 6 pye ak lòt moun. Nou ta dwe anile evenman ki pa pèmèt distans sosyal ki apwopriye yo oswa transfere yo yon pi gwo kote. Distans sosyal konsidere gwosè gwoup la ak gwosè espas fizik la.

Mwen regrèt anonse Maryland Day 2020 anile. N ap tann desizyon pou Gradyasyon Prentan an (Me 2020).

Enklizyon, sekirite, ak respè

Nou toujou ap fè efò pou yon kominote kanpis ki konsidere tout moun alawonnbadè, ki gen sekirite, ki konekte, ki respekte, epi ki mande kont tout moun sou plan moral. Nan tan difisil sa a, mwen mande pou

nou raple tèt nou [konsèy pou sipò kominote a](#) Biwo Divèsite ak Enklizyon an te pataje ak ou sou direksyon Vis Prezidan pou Divèsite ak Enklizyon Georgina Dodge.

Coda

Pandan epidemi COVID-19 an ap evolye, n ap kontinye kenbe w okouran nenpòt nouvo devlopman ak chanjman. Tanpri tcheke regilyèman nan umd.edu/virusinfo

Mwen vle ekspri gratitud mwen pou tout pwofesè, manm pèsonèl, ak administratè UMD ki te travay san rete nan semèn ki sot pase yo pou asire sante, sekirite, ak byennèt kominote kanpis nou an.

Epi, yon gwo Mèsi bay chak manm nan fanmi Terp nou an pou pasyans ak koperasyon nou. Nou deja fè fas ak defi ak tèt frèt, epi nou konnen nou youn ap la pou pran swen lòt ankò.

Ak tout senserite,

Wallace D. Loh
Prezidan, University of Maryland